



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ SINIFIKATIF NAN BATAY ETA A KONT VYOLANS AK ZAM

New York te gen to omisid ak zam afe ki pi ba pami 10 pi gwo eta peyi a an 2021; ane pase a, Vil New York te klase an twazyèm nan kantite اساسina ki pi ba pami 20 pi gwo vil nasyon an

Ven Depatman nan Polis la k ap patisipe nan inisyativ Eta a pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) te rapòte 50 ensidan fiziyad ak blesi an janvyè 2023, sa ki pi piti depi debi pandemi an nan mwa mas 2020

Vil New York te rapòte 73 fiziyad mwa pase a, sa ki pi piti depi me 2020

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogrè enpòtan nan batay eta a kont vyolans ak zam, avèk Vil New York ak kominote k ap patisipe nan inisyativ eta a pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) te rapòte ensidan fiziyad ak blese ki pi piti nan mwa pase a depi premye mwatye ane 2020 an. 20 departman polis l k ap patisipe nan GIVE te rapòte 50 ensidan fiziyad ak blesi an janvyè 2023, sa ki pi piti depi mas 2020, alòske Vil New York rapòte 73 ensidan, sa ki pi piti depi me 2020. Gouvènè Hochul te dekri pwogrè sa a nan Katriyèm Fowòm Anyèl pou Prevansyon Vyolans ak Zam lan nan Northwell Health la.

"N ap fè gwo pa nan bon direksyon, men chif sa yo toujou twò wo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak grenn ensidan trajik, epi chak fiziyad reprezante yon kantite doulè ak domaj ki pa ka evalye sou viktim yo ak kominote pa yo. Nou dwe kontinye trete vyolans ak zam kòm kriz sante piblik ke li ye, nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon li, epi trete li."

Done Preliminè 2022 CDC yo montre ke New York te gen pousantaj omisid zam afe ki pi ba nan 10 pi gwo eta yo nan peyi a an 2021: 3.1 lanmò pou chak 100,000 rezidan, ki mwens pase mwatye nan mwayèn nasyonal la ki se 6.3 lanmò pou chak 100,000 rezidan. Menm jan an tou, Vil New York an 2022 te anrejistre twazyèm kantite اساسina ki pi ba nan nasyon an pami pi gwo 20 vil yo, dèyè sèlman San Jose ak San Diego. Finalman, kominote ki patisipe nan GIVE ak Vil New York tou de te fè eksperyans yon diminisyon chif nan ensidan fiziyad ak blesi yo an 2022 lè yo konpare ak 2021: 17 pousan nan Vil New York ak 15 pousan nan jiridiksyon GIVE yo.

Ajans fòs lòd yo atravè eta a te sezi 10,093 zam ane pase a, yon ogmantasyon 11 pousan depi 2021, pandan yo te sezi 9,088 zam. Sezi zam Lapolis Eta a ogmante tou jiska 171 pousan konpare ak nivo anvan pandemi an: 1,429 an 2022 konpare ak 528 sezi an 2019. Lapolis Eta te sezi tou 120 zam fantom an 2022, ki se 85 pousan plis pase an 2021.

An menm tan, eta a ranfòse Lwa sou Sinyal Alam (Red Flag Law) lia, ki retire zam nan men moun ki reprezante yon risk pou tèt yo oswa pou lòt moun. Tribinal yo te bay 1,308 dekrè pwoteksyon risk ekstrèm nan fen fevriye 2022. Nan 11 mwa yo depi lè a - jiska janvyè 2023, tribinal yo te pibliye yon total 6,209 ERPO (Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm).

Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la finanse yon plan sekirite piblik konplè ak envèstisman pou diminye plis vyolans ak zak vyolans ak krim vyolan lè li sèvi avèk estrateji pwouve ki mache, tankou:

- Elaji Rezo Sant Analiz Krim Eta a nan Vil Nouyòk, pou ogmante a 11 nan kantite sant nan rezo a ke eta a sipòte an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo.
- Double finansman pou inisyativ GIVE la nan 36 milyon dola. GIVE la sipòte 20 depatman lapolis nan 17 konte ki reprezante plis pase 80 pousan krim vyolan ki fèt nan Eta New York andeyò Vil New York: Albany, Broome, Chautauqua, Dutchess, Erie, Monroe, Nassau, Niagara, Oneida, Onondaga, Orange, Rensselaer, Rockland, Schenectady, Suffolk, Ulster ak Westchester. Biwo pwokirè distri yo, depatman pwobasyon yo, biwo cherif yo ak lòt patnè nan konte sa yo tou resevwa finansman atravè inisyativ la.
- Ranfòse sipò Lapolis Eta a nan ogmante Inite Estabilizasyon Kominotè yo soti 16 pou rive nan 25 kominote, nan finanse kat klas akademi san parèy epi ogmante prezans nan gwoup travay federal yo.

Atravè yon patenarya inik ant Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a ak Biwo Etazini sou Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif Etazini (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, ATF), Rezo Sant Analiz Krim ata sipòte a gen aksè nan Rezo Nasyonal Enfòmasyon Balistik Entegre (National Integrated Ballistic Information Network, NIBIN) ATF la. Apati ete sa a, chak sant pral gen teknoloji sou plas pou trete douy yo epi idantifye korespondans potansyèl diferan sèn krim nan plizyè jiridiksyon atravè eta a. Pwosesis idantifikasyon sa a te pran jiska yon mwa men kounye a pral pran 24 a 48 èdtan epi li gen yon evalyasyon prezizyon 99.6.

Propozisyon bidjè Gouvènè Hochul la sipòte tou òganizasyon kominotè ki ofri sèvis, sipò ak opòtinite pou jèn yo ak fanmi yo, tankou yon investisman kontinyèl 25 milyon dola nan pwogram SNUG Street Outreach eta a.

Pwogram SNUG yo anboche anplwaye ki travay ak adolesan ak jèn adilt yo pou detekte ak difize diskisyon anvan yo eskalade; reponn ak fiziyad pou anpeche vanjans atravè medyasyon epi ede manm fanmi moun ki blese oswa ki mouri; epi konseye jèn ki patisipe nan pwogram nan pou fikse objektif epi konekte yo ak opòtinite edikatif ak travay ansanm ak lòt sèvis. Pwogram yo angaje kominote a tou, òganizasyon relijiye yo ak klèje, ak biznis lokal yo atravè rasanbleman yo, evènman espesyal yo, ak lòt rasanbleman yo nan kominote a.

Travayè sosyal yo ak jesyonè dosye yo nan sit SNUG yo bay moun ki afekte nan vyolans ak zam oswa lòt krim nan kominote yo konsèy, gwoup sipò, defans ak asistans ki pran an konsiderasyon twomatiz pou ranpli aplikasyon pou konpansasyon viktim yo nan Biwo pou Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) eta a, ak referans pou lòt sèvis jan yo idantifye oswa nesèsè; epi ofri sipò ak konsèy pou manm ekip SNUG yo, anpil nan yo te fè eksperyans konplèks ak twomatiz.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te pran mezi pou ranfòse lwa prevansyon sou vyolans ak zam Eta New York la lè li entèdi zam fantom, chajè ki gen gwo kapasite ak jilè pabal; elaji kalifikasyon kosyon pou krim ak zam yo; ogmante laj pou achte zam semi-otomatik a 21 an; epi lanse [Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Illegal](#) (Interstate Task Force on Illegal Guns) ki se premye nan nasyon an, ki pral rankontre ankò nan mitan mwa mas la, pou site inisyativ sa yo sèlman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418